

Chè fanmi Pre-K,



Nou kontan pou nou ba ou yon je kat *Fun with Feelings*! Kat sa yo se yon fason amizan pou ede pitit ou aprann osijè emosyon.

Konprann emosyon ak jere yo se aptitud enpòtan timoun piti devlope avèk tan nan pre-K ak lakay yo. Aptitud sa yo ede timoun viv byen avèk zanmi ak fanmi, kontinye eseye menm lè yon travay difisil, ak reyisi nan lekòl.

Piske se oumenm ki se premye pwofesè pitit ou a ak pwofesè ki pi enpòtan an, ou gen pouvwa pou ede pitit ou aprann osijè emosyon. Ou ka ede pitit ou a lè li fache, lè li tris, oswa lè li pè. Ou ka anseye pitit ou a menm nan moman lè ou nan tren, lè w ap jwe ansanm, ak menm nan lè dine ak lè benyen. Tili *Fun with Feelings* lan gen ide sou kòman pou kòmanse avèk kat yo.

Bati

Itilize kat sa yo pou bati gratsyèl, pon, oswa nenpòt sa oumenm ak pitit ou a imajine.

Jwe

Itilize kat sa yo pou jwe jwèt, aprann osijè emosyon, ak pou amize nou ansanm.

Anseye

Itilize kat sa yo pou anseye pitit ou a kòman pou l eksprime l ak jere emosyon.

Si w gen kesyon, tanpri pale avèk pwofesè pitit ou a oswa lidè pwogram pre-K a, oswa voye yon imèl pou nou nan prekthrive@schools.nyc.gov.

Avèk senserite,

Divizyon Edikasyon pou Debitan
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

ParentCorps

